## *ЗахIматалъул, хIалтIи бокьиялъул ва кIухIаллъи-хIалихьалъиялъул хIакъалъулъ*

Агъаз гьечIес черх чIвала, чехь квешас рукъ чIвала.

БачIунаго лълъар кквечIони, лъутун унаго рачIчI щоларо.

Бегун хвараб гъалбацIалдаса бахъун хвараб гьой лъикI.

Бекьарасе бекьараб ракьалдасан буссуна.

БекьичIес хур бецуларо.

БетIергьанчиясул чехь унтичIони, чияр мугъ унтуларо.

Бицине вортуге, гьабизе ворта.

Вахъун чIун хIалтIарав вегун кваналев.

Галица буххун ралъад тIагIинаро.

Гирулеб гьецIоялда хIет бижуларо.

Гулгун хурибс инаро, хума чIарадиларо.

ГъотIое къимат пихъ бихьун кьола, гIадамасе хIалтIи бихьун кьола.

Гьабигьанасул чед кIудияб, чанахъанасул гьан кIудияб.

Гьабизе лъарасе квасул дуниял, квине лъарасе нахул дуниял.

ГьабичIесе гьечIилан магъилъ хIинчIги ахIдола.

ГьабичIони, жо букIунаро, бекьичIони, хур букIунаро.

Гьабун куцараб квер, кванан куцараб чехь.

Гьабурасе гьабураб батула, гьабичIесе гьабичIеб батуларо.

Роол къо хасалил анкьида бащалъулеб.

Рукъалъ бетIергьанчи гуро берцин гьавулев, бетIергьанчияс рукъин.

ТIингъилъ векьарани, гордилъ лъилъарула.

ТIогьоде хьвадичIеб найица гьоцIо гьабуларо.

Ургъел макьигъдулеб, рокьи гьабудулеб.

Хабар гIемералъуб иш дагьаб.

Хаслихъе дагIнида — гьаб гIи лъилан гьикъараб мехалъ — гьав бахIарчиясул ругилан абурабила. Ихдал гьикъараб мехалъ — бетIергьабазул батилилан абурабила.

ХинкI босарас тIор босе.

ХинкIазде щвартIихалат, хурибе рагIадхалат.

Хур гуккуге, гъолъ мун дагьавги цIакъ гуккизе гурин.

Хурибе хьон, хьагинибс хинкI.

Хурул хьон боцIиййила, боцIул хьон рагIиййила.

ХъахIал кверазе хIалтIи бокьуларо.

ХъахIал кверазе чияр захIмат бокьула.

Хъукь бекьараб бугIаялдаса цудун бекьараб богIол накку лъикI.

ХIалихьатил хIетIе нахъе кколеб, квер цебе кколеб.

ХIалтIарасда лъала хинкIазул тIагIам.

ХIалтIи буго рухI гьечIеб жо.

ХIалтIи гьечIесе къо халатаб.

ХIалтIи къола, гIадамал бергьуна.

ХIалтIи рихарасул гIусал-цаби чIола.

ХIалтIуда рекъараб букIуна мухь.

ХIалтIуе квалквад — квание гъалбацI.

ХIалтIул квешлъи — гьабунгутIи, гьудуласул квешлъи — хIалккунгутIи.

ХIиллаялъ балагьуге, хIалтIун балагье.

Цебе цIа бакани, нахъа рахъу ккола.

ЦебетIамалъе тIил бигъараб.

Цин гьабизе кIухIаллъани, кIицIул гьабизе ккола.

Цо къоялъ цебе бекьараб жо анкьица цебе бижула.

ЦIад хIаллъани, рокъове, бакъ хIаллъани, гьорове.

ЦIадал къоялъе бакъул къо камулареб, лабалда хуралъе цIадал къо камулареб.

ЦIел хIалтIи цIеца гурони гьабулареб.

Черхалда гIакъуба бихьичIони, чехьалда рахIат бихьуларо.

Чияр кумекалде хьул лъоге, хIалтIун балагье.

### *ГIелму-гIакълу*

БетIер хIалтIичIони, хIатIал свакала.

БетIералъул гIакълу — нуралъул чирахъ.

БетIералъул гIакълу — багIараб месед.

БитIараб цIунизелъун рухIалда барахщуге.

Бихьарасда дуниял лъала, цIаларасда гIелму лъала.

Бихьун щваралда гIакълу релълъунаро.

Бицунев гIадалав вугониги, гIин тIамурав цIодорав вукIине ккола.

Бищун гIемер гьерсал рицунев чи — бищунго гIемер жиндирго бицунев чи.

БоцIи гIемерлъиялдаса гIемер жо лъай лъикIаб.

Виххун кIанцIани, кIанцIарабго бох бекула.

ГьитIинго босараб лъай — тIогьолъ гьабураб нах.

ГIабдал рокъове виччаялдаса гIакъил лъорове виччай лъикIаб.

ГIабдалас веццизегIан, гIакъилас каки лъикIаб.